# ГЬУДУЛЛЪИ / ДРУЖБА

druzhba555@mail.ru
druzhbabotlih.ru

№ 38 (10289) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 2022 сон. 1 июнь /АрбагI


# Аваданаб, рохел гьарзаяб тадбир

КIудияб чIагольиялда тIобитIана 1 июналъ культураялъул минаялда цебе лъимал цIуниялъул къо. Байбихьана байрам лъималаз асфальталда суратал рахъиялдалъун. Хадуб иргаялда чIагоял хIаяздалъун лъималазе гьабуна гIорхъи гьечIеб рохел.

Гьелдаса хадуб бигьа гьабун къокъана культураялъул минаялде жанире. Гьениб лъималазулгун дандчIвай гьабуна ва тадбир рагьана культураялъул хIалтIухъан Сабрина Сайпулаевалъ.

ТIоцебе кIалъазе рагIи къуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель АхIмад Лабазановасе.

-ХIурматиял лъимал, мугIалимзаби, ихтияр кье дие жакъа нужеда баркизе риидалил байрам «лъимал цIуниялъул къо». Лъималазул рохел бараб буго улбузул рокьуда. Гьединлъидал баркала кьезе бокьун буго улбузе рокьул чадиралда гъоркь лъимал хьихьаралъухъ. Гьединго баркала буго мугIалимзабазеги гьезие кьолеб лъаялъухъ, жалго лъималазейин абуни гьарула талихIги, рохелги, сахлъиги. Биччанте нужеда кидаго лъангутIизе чиякълъи. Дир ракIчIараб буго нилъер лъимал бищунго гьунар бугел рукIиналдаса. Бергьенлъиялдаса бергьенлъиялде батаги нужер щибаб лъолеб гали.



Хадув кIалъазе вахъана КЦСОНалъул нухмалъулесул ишал тIуралев СагIадула МухIамадов. Ахираб заманалда эбел-инсуца цIикIкIунисеб гIарац хвезабулеб буго лъималазда тIад: лъикIаб ретIизе гьабун, лъикIаб кваназабун, лъикIаб бихьизабун. Исана гьаб байрам кIодо гьабулеб буго 72-абилеб нухалъ. Гьединлъидал гьалгониял сонаца лъималазда сверухъ кIудияб хIалтIи гьабулеб щибаб идараялъе: мугIалимзабазе, тарбиячагIазе, культураялъул хIалтIухъабазе кьезе бокьун буго гIорхъи гьечIеб баркала.

-Хириял лъимал, гьари буго нужедаги эбел-инсухъ гIинтIамун гьезул ракIал роххизаре, лъикI цIалун районги цебетIезе гьабе.

Хадув кIалъазе вахъана районалъул прокурор Заурбег ХIасанов.

ХIурматиял Болъихъ районалъул жамагIат. Дун кутакалдаса вохарав вуго жакъа гьаб бакIалда гIахьаллъи гьабизе щвеялдаса. РакI-ракIалъ баркула байрам лъималаздаги эбел-инсудаги. Хасго лъималазе гьарула чIахIияздаса рокьиги тIалабги камилаб щваги абун. Нижер масъалайин абуни буго нужее ракIчIараб, талихIаб букIинесеб букIинабиялде кIвар кьезе.

Гьелдаса хадуб иргадал садикалъул лъимал, реабилитационнияб централъул лъимал жидерго гьунар бихьизабизе цере рахъана: кьурдизе, кечI ахIизе кучIдул рикIкIине.

Исана байрамалъул гIахьалчагIилъун рукIана лъабнусго лъимер.

Культураялъул хIалтIухъабазги хIадурун букIана лъикIаб программа: лъикIал хIаял, сайгъатал ва гьуинаб мороженное.

Тадбиралъул ахиралда лъималазулгун гIахьалаб суратги бахъана.

# Эбел-инсул талихI-лъимералъул гьурмада гьими



ТIаде щолеб, лъимал цIуниялъул къо-1 июнь кIодо гьабун, районалда бугеб, социалияб рахъалъ халкъ цIуниялъул комплекснияб централъ (КЦСОН) жидерго бербалагьиялда гъоркь ругел лъималазе тIобитIана байрамалъулаб тадбир. Гьаб нухалъ гьеб тадбир тIобитIана тарихиябгун- краеведениялъул музеялъул залалда. Жидерго эбелалгун цадахъ, лъимал гIемерал хъизаназдаса гьитIичаз гIахьаллъи гьабураб гьеб тадбиралда киназего рохелги талихIги гьарана районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель АхIмад Лабазановас:

-Лъимералъул гьурмада гьими бихьиялдаса кIудияб талихIги рохелги кинабха букIинеб. Киналго эбел-инсуеги лъималазеги гьарула сахлъиги, халатаб гIумруги, сабруги, цоцае рокьиги, мурадалде щвеялъулъ икъбалги ва таваккалги. Эбел-инсуца малъаралдеги, чIахIиязул гIакъилал малъа-хъваяздеги гIинтIамулел лъималги лъугьаги. КъваригIаралъуб кумек гьабизе кидаго хIадурал нижги руго,-янги абуна гьес.

КЦСОНалъул директорасул ишал тIуралев СагIадула МухIамадовас баркана лъималазда байрамкъо:

-Лъимал-гьеб буго эбел-инсуе бищунго кIудияб хазина. Эбел-инсуе рохеллъун ккола жидер лъималазул икъбалги, битIккейги, гIумрудулъ талихIаллъун гьел рихьиги. Божарав вуго, лъимал, нужерго эбел-эмен рохизарулелльун ва нужедаса чIухIарал гьел гьарулелльун нуж рахъине рукIиналда.

Гьединго гьес гьарана киназего сахлъиги, ракълилаб зобги, киналго анищал тIурайги.

Лъималазда байрам баркана Болъихъ администрациялъул бетIер ГьазимухIамад НурмухIамадовасги.

Тадбиралъул ахиралда, музеялда ругел экспонатазулгун лъималацаги гьезул эбелазги лъай-хъвай гьабун хадуб, «Родничок» ясли-ахалъул гьитIичаз бихьизабуна берцинаб кьурди.

Узухъда, сайгъатал гьечIогоги лъимал хутIичIо.

Тадбир ана лъикIаб, лъимал рохараб ахIвалхIалалда.

**Гьумер хIадур гьабуна**
**С. Сайпуевалъ.**



**Нилъер ракьцоял районтун къватIир**

# МУГIРУЗДА БИЖАРАБ ДАРМАНАЛЪУЛ ТIЕГЬ



*Магомедова Мадина Алиасхабовна-профессор РАЕ, доцент кафедры общей и биологической химии ДГМУ, заслуженный работник науки и образования.*

*1995 г. с отличием закончила медучилище г.Буйнакска.*

*2001 г. закончила с отличием педиатрический факультет ДГМА.*

*С 2001 – 2004 г. учеба в очной целевой аспирантуре на кафедре медицинской и клинической биохимии ДГМА. Куда была рекомендована за отличную учебу ученным советом ДГМА.*

*2004 г., 2020 г. прошла специализацию по педагогике и психологии Высшей школы и инновационным технологиям преподавания в Даггосуниверситете и ДГМУ.*

*2018 г.- Профпереподготовка «Государственное и муниципальное управление»*

*С 2004 г. ассистент, затем доцент кафедры общей и биологической химии ДГМУ по настоящее время.*

*С 2013-2016 г. декан педиатрического факультета внебюджетного обучения ДГМУ.*

*В 2017 г. заняла 1 место на конкурсе преподавателей ВУЗов «Формирование компетенций в профессиональном образовании».*

*В 2018 г. была премирована руководством ДГМУ за цикл исследований по метаболической адаптации. Опубликовано 110 научных трудов, из них 9 учебных пособий.*

*2020-2021 г.- Выиграла и реализовала грант Главы РД по науке.*

*2021 г. – Лауреат конкурса «Национальный сертификат качества», в номинации «Лучший информационный проект». г.Москва.*

*2021-2022 гг. Также выиграла и реализовала грант главы РД по науке*

*2022 г. – Получила свидетельство о государственной регистрации базы данных в ФИПС.*

*Руководитель студенческого научного кружка «Биохимик».*

*Область научных исследований: Формирование самообразовательной компетентности обучающихся, инновационные процессы в образовании, метаболическая адаптация детей школьного возраста Республики Дагестан. Научно-педагогический стаж 20 лет.*

*Награды:*

*1) Благодарность за многолетний добросовестный и безупречный труд, профессиональное мастерство, достижения в учебно-методической, научной и лечебной работах (Ректор ДГМУ проф. С.Н. Маммаев).*

*2) Благодарность от ОНФ.*

*3) Благодарность от общественной палаты РФ.*

*4) Похвальная грамота фонда Патриотического воспитания молодежи.*

*5) Похвальная грамота от общественного движения «Родной Дагестан».*

*6) Сертификат участника конкурса «Мой Дагестан».*

*7) Диплом участника конкурса на лучшую видеолекцию (ДГМУ).*

*8) Благодарственное письмо председателя Комитета Государственной Думы.*



Рорхатал мугIрузул къвариги берцинлъиги рекIелъ бессарай Мадина кIигониги нухалъ бергьана Дагъистан республикаялъул гранталъе гIоло гьарулел конкурсазулъ. Гьелъие гIиллалъунги букIун батула жеги лъимерлъудаго Мадинаца медицинаялъул нух жиндирго гIумрудул нухлъун бищи. Гьей йикIана цере лъурал масъалаби тIуразарулей, тIаде босараб иш рагIалде бахъулей, тIахьал цIализе бокьулей цIодорай яс. Гьединго Мадинаца жиндирго эркенаб заман сайгъат гьабулаан тIугьдузул тIалаб-агьазалде.

Медицинаялдехун гьелъул рокьи бижиялъе гIиллалъун ккана инсул унти. Мадинаца кIудияб баркала загьир гьабулеб буго эбелалъе, тIаде бачIараб къварильиялъе къуличIого лъикIаб тарбияги лъайги жиндие кьуралъухъ ва жиндир щибаб ишалъе квербакъаралъухъ. Мадинаца цIали лъугIизабуна тIадегIанал къиматаздалъун ва гIелмиябгун цIех-рехалъулаб стаж буго кього соналъулаб. Гьелъ гIахьаллъи гьабула научно-практическиял конференциязда. Гьединго гьелъул нухмалъиялда гьоркь студентаз бергьенлъи босана ТIолгороссиялъулал конкурсазда. ХIалтIулаб нух байбихьана Буйнакскиялда бугеб туберкулезалде данде чIараб больницаялда медсестраялъул хъулухъалдаса, хадуй МахIачхъалаялда ччугIил промышленносталъул управлениялъул больницаялда, ДГМУялда гьей хIалтIана батIи-батIиял хIалтIабазда: куратОрлъун, доцентлъун, деканлъун. Мадинаца гIахьаллъи гьабула общественнияб гIумруялъулъги, гьей ккола ДРялъул халкъияб палатаялъул эксперт ва сахлъи цIуниялъул министерствоялъул членлъунги, Россиялъул Естествознаниялъул академиялъул экспертнияб союзалъул членлъунги. Гьелъ тIоритIула бесдалазул№4интернаталда рахIму-цIобалъулал акциябиги. Гьелъул цIар хъван буго «Известные ученые» абураб энциклопедиялдаги.

Мадинаца лъикIаб тарбияги кьун гIезабуна кIиго лъимер. Васас тIаса бищана эбелалъулго нух, ясалдаги ракIалда буго школа лъугIарабго медицинаялъул нух тIаса бищизе.



Накануне в селении Зило вместе с сотрудниками Ботлихской районной больницы был реализован грант Главы РД по науке «Оценка генетической предрасположенности школьников Республики Дагестан к заболеваниям, связанным с нарушением метаболизма фолатов, лактозы и кальция.»

Исполнителями данного проекта являются

Магомедова Мадина Алиасхабовна-Профессор РАЕ, доцент кафедры общей и биологической химии, заслуженный работник науки и образования и Газимагомедова Мадина Магомедовна¬ декан фармацевтического факультета, доцент кафедры общей и биологической химии.

Социальная польза от реализации данного проекта является то, что полученные результаты по оценке генетики метаболизма фолатов; генетики метаболизма лактозы; генетики метаболизма кальция и определения уровня витамина Д у детей, проживающих в Дагестане позволит разработать и внедрить ДНК диагностику анемии, рахита и нарушений кишечного всасывания для обеспечения возможности индивидуализированного подхода, основанного на знании генетических особенностей пациента, предотвращение и выявление многих патологий - последствий рахита, остеопороза и мальабсорбции. Для контроля будет обследована группа абсолютно здоровых детей. Будет выявлена региональная особенность полиморфизма генов при таких распространенных и специфичных для нашей республики заболеваниях как рахит, дисплазия и врожденный вывих бедра, анемия.

**Какие результаты ожидаемы от реализации данного проекта?**

Данный проект позволит начать в Дагестане реализацию Федерального проекта «Развитие масштабных научных и научно-технологических проектов по приоритетным исследовательским направлениям» на 2021-2024гг ,в соответствии с распоряжением Правительства РФ от 1 октября 2018 г.

Это тема очень актуальна для нашей республики, так как у нас рождается очень много детей с дисплазией ног, врожденными вывихами и рахитом, поэтому считаем целесообразным провести исследование на генетическом уровне для выявления специфичных для дагестанцев особенностей генотипа.

**Я вижу сегодня с вами участвуют и наши медицинские работники.**

Да. Особо подчеркнуть хочу профессионализм Меджидовой Шахрузат Гусейновны-медсестры анестезиста и Абдурахмановой Айны Абдуразаковны-старшей медсестры ОАРИТ ГБУ РД Ботлихской ЦРБ. А также большую помощь оказали: Зульпукарова С., Джамалова П., Запиров А., Пайзулаев Д.

Хочется выразить благодарность главному врачу ГБУ РД Ботлихской ЦРБ Запирову Магомеду и директору школы с. Зило Сагитову Насибу Магомедовичу за сотрудничество и оказанное содействие в реализации гранта Главы республики Дагестан.

**Гъумер хIадур гьабуна**
**ГI. МухIамадовалъ**

# Инсул ирсалъе ритІухъай












***Дагьал церегІан къоязда хІалтІулаб сапаргун ниж щвана Зило росулъе. ТІоцебесеб иргаялда нижер къалмикье ккана мактабалъе бихьизабураб гьитІинабго басрияб мина ва амма нуцІа къирун жание лъугьигун, унго бечелъи! Мактабищ музейищ абураб суалалъе жаваб балагьулеб хІалалда гІуцІун бугоан рукъалъул цояб къадада гІадамазул некІсияб къайи. Цо лахІзаталда умумузухъе щвараб гІадаб асар лъугьана рекІее. Библиотекаялда бухьараб сапарги лахІзаталъ кІочон дун тІуянго ун ятана доб гІасруялде ячун. Жеги лъимерлъудаго бихьараб, гІадамаца некІого цІияб къайиялдалъун хисун гІумрудулъан тІагІараб къайиги бугоан гьениб.***

***Дир мунагьал чураяв инсуца советияб заманалда жиндир хІаракаталдалъун бана росулъ культураялъул рукъалъулги гьаб библиотекаялъулги минаян библиотекаялъул заведующаялъул биценалъ йигьинаюна дун.***

***Жакъа дицаги хІаракат бахъулеб буго умумузул ирсги, тІахьал цІалиялде бугеб рокьиги гІун бачІунеб гІелалъе цІунизегиян абуна гьелъ. Инсуцаго рекІелъ лъураб жавабчилъиги рокьиги батулин дур гьеб, ян дица абидалги узухъда. Дир инсул тарбиялъул хІаракат абун чІухІун рехсана гьелъ инсул цІар. Библиотекаялъул хІалтІул бициндалги рикІкІине бегьула гІорхъи гьечІел тадбирал: «Прочти книгу» абураб акция, «Дети войны» абураб урок мужества ва гь.ц. Жакъа къоялдайин абуни библиотека хІадурулеб буго Фазу ГІалиевалъул 90 сон тІобитІиялъул тадбир тІобитІизе. Гьадинал жавабиял хІалтІухъаби камугеги нилъеда гъорлъ, тарихги цІунун хутІизе, гІолилазухъе ирслъунги кьезе.***









**Марям ГІисаева**

## ГІабдулмажидил иргадулаб бергьенлъи



ГьалкъояздаЭлиста шагьаралда тІобитІана 16 сониде рахинчІел гІолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахьалъ Россиялъул чемпионат.

Гьениб гІахьаллъи гьабуна Россиялъул ва Европаялъул чемпион, нилъер районалдаса гІолилав ГІабдулмажид ГІабдулмажидовасги. Гьаб нухалъги, дандиязда тІад ракІчІараб бергьенлъиги босун, кІиабизеги гьев мустахІикълъана Россиялъул чемпион цІаралъе.

Баркула ГІабдулмажидида ва гьесул тренерасда бергьенлъи. Гьурала гьезие жеги чІахІиял бергьенлъаби. Метер, ай кІиабилеб июналъ Уфаялда байбихьизе буго цІалдохъабазда гьоркьоб Россиялъул Спартакиада. Божарал руго гьесул къуркьигьечІолъиялъги, махщелалъги ва къохІехьеялъги иргадулаб бергьенлъиялде гьев вачине вукІиналда.

# Решение

**«13» май 2022 г. №4 с. Ботлих**

*О ПРИНЯТИИ ПРОЕКТА УСТАВА МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ «БОТЛИХСКИЙ» В НОВОЙ РЕДАКЦИИ*

В целях приведения Устава Муниципального образования сельского поселения «сельсовет «Ботлихский» в соответствие с действующим законодательством, в соответствии со статьей 44 Федерального закона от 06.10 2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», статьей 44 Устава муниципального образования «сельсовет "Ботлихский" Собрание депутатов сельского поселения «сельсовет» Ботлихский» решает:

1. Принять в первом чтении проект устава муниципального образования сельского поселения «сельсовет «Ботлихский» в новой редакции.
2. Вынести настоящее решение на публичные слушания и назначить дату публичных слушаний 3 июня 2022 года в 15 часов 00 минут в помещении администрации СП «сельсовет «Ботлихский».
3. Разместить настоящее Решение на официальном сайте СП «сельсовет «Ботлихский» и опубликовать в средствах массовой информации.
4. Опубликовать результаты публичных слушаний в газете «Дружба».
5. Настоящее решение вступает в силу со дня его официального обнародования, (опубликования) произведенного после государственной регистрации Устава муниципального образования сельского поселения «сельсовет «Ботлихский».

**Председатель СД «сельсовет» «Ботлихский»**

**Нурмагомедов Г.Н.**

# РакIалде щвезавуна мустахIикъав инсан



*МуртазагIалиев МухIамад гьавуна Зило росулъ 1964 соналъул тIоцебесеб августалда.*
*Болъихъ гьоркьохъеб школаги лъугIун гьев цIализе ана МахIачхъалаялъул автодорожныяб техникумалде. ТIадегIанал къиматазда 1984 соналъ гьебги лъугIизабун ана рагъулаб борч борхизе Советияб Армиялде. ТIадаб ишалъе ритIухълъиялъе гIоло часталъул командованиялъул рахъалдаса мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе. Гьелдаса хадув, 1990 соналъ гьев лъугьана хIалтIизе милициялде. Мухъилав инструкторасул хъулухъалдаса къокъабго болжалалда жанив гьев вахана милициялъул начальникасул заместительлъиялде.*
*1998 соналъ гьев лъугьана УФСИНалде хIалтIизе; Гъизилюрталъул ВТКялъул тылалъул начальникасул заместительлъун. Хадув хIалтIана КП-9-ялъул начальниклъун ва ФБУИК №2-ялъул начальниклъунги. 2008 соналдаса нахъе жиндир гIумрудул нух лъугIизегIан гьев мунагьал чураяв хIалтIулев вукIана Россиялъул Дагъистаналда бугеб УФСИНалъул начальникасул тIоцевесев заместительлъун, жанисел ишазул полковник цIаргун. РакIбацIцIадго гьабураб хъулухъалъе ва бахIарчилъиялъе гIоло гьев мустахIикълъана "За отвагу", "За отличную службу в МВД" I, II, III даражаялъул медалазе, МВДялъул ва УФСИНалъул гIемерал ХIурматалъул грамотабазе.*

Гьев мунагьал чураяв ракIалдещвеялъулаб волейболалъул рахъалъ рагьараб турнир тIобитIана гьал къояз Зило росдал спортзалалда жаниб.

Гьаб ахираб заманалда волейболалъул рахъалъ гIемерал турнирал тIоритIана районалда. Щибаб турниралдаса хадуб, гьелъие гьабураб хIадурлъиги, гIуцIалилаб хIалтIиги, гIадлу-низамги бихьун, ракIалде кколаан, тIокIаб букIунаребгIан лъикIаб турнир букIанилан абун. Амма хадусеб турниралъ бихьизабулеб букIана гьеб пикру мекъаб букIин.

КинабгIаги спортивияб къецалъул даража борцуна гьенир гIахьаллъулел спортсменазул гьунаралдалъун, гьезул машгьурлъиялдалъун. Зилдерил турнир абуни берцин гьабуна республикаялдаги ва республика тун къватIибехунги цIар рагIарал волейболистаз. Узухъда, командабиги рукIана цоялдаса цояб къуватал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъерго районалъул Болъихъ, КIижани, Зило, Муни, РахатIа росабазул ва гьединго къватIиса рачIарал Гьолокь, ТIануси, Инхо, ЦIатIанихъ командабаз.

Ахираб заманалда тIоритIарал киналго турниралго гIадин, гьеб турнирги тIобитIана, «круговая системаялда». Гьелъ ресги кьуна киналго командабазул гьунар тIатинабизе.

Турнир рагьана, гьелъие гIуцIцIалилаб хIалтIи гьабурав, гIорхъолъа ун волейбол бокьулев МухIамад Алдатовас. Гьес бицана, гьеб турнир жиндир цIаралда тIобитIулев МухIамадил гIумруялъул хIакъалъулъ, гьесул букIараб гIаданлъиялъул, нахъа тараб хIалтIулаб нухалъул.

БакIалда рекъараб, пайда бугеб вагIза гьабуна гьеб росдал имам ГIабдулацаги. Гьес киналго спортсменалги балагьизе рачIаралги ахIана дагIба-рагIиги, хIилла-макруги гьечIел къецал тIоритIиялде. Хадуб, хIаязулъ жиндихъа гъалатI ккарас квер эхеде борхани болельщиказ абулеб букIана имамасул вагIза «действовать» гьабулеб бугилан. РукIуна цо-цо хIужаби судиясда бихьичIеб, балагьазда тIатараб гъалатI спортсменасухъа ккараб. ВуцIухIунги чIун, гьеб бахчизе гьес хIаракат бахъулеб бугони, гьелъ рачуна къваригIел гьечIеб кIалъаялде, дагIбаялде. Эхеде квер борхизе гьесул гьунар гIунани-букIунаро дагIбаги, лъикIаб бербалагьи гьев спортсменасдехунги букIуна. Байбихьана хIаял. Гьел «хIалуцарал» рукIанин абун хъвани гурого, цоги рагIи батулеб гьечIо. Амма гьелъ жаниб бачунаро гьениб букIараб азартги, балагьаразе гьабураб лъикIаб асарги.

Гьеб букIана гIатIидаб спортивияб кIалгIаялда жаниб тIобитIизе рекъараб турнир. Зилдерил гьитIинабго спортзал кьабун цIун букIана балагьизе рачIараз, рахъун чIезегицин бакI гьечIого, цо-цоял гордобахъанги раккун рукIана ралагьун.

Къаси кватIизегIан гьарурал хIаязул хIасилалда полуфиналалде рачIана Зило, РахатIа, Гьолокь ва ТIануси росабазул командаби. ЛъикIаб команда данде гьабун бугоан зилдерица. Амма машгьурав кIиявго «левша» МухIамадкамилги Ражабдибирги гьорлъ ругеб рахалазул командаялъ гьезда тIад бергьенлъи босана, турниралда лъабабилеб бакIги щвана гьезие. ТIоцебесеб бакIалъе гIоло хIана «Гьолокь» ва «ТIануси» командаби. Турниралъул авалалдаго «Гьолокь» командаялъул капитан МухIамадилгун (Куба) ккараб гарачIвариялъулъ гьес абун букIана команда лъикIаб хIадурлъигун бачIун бугилан.

Турниралъул киналго хIаязулъги ва финалалдаги хIакъикъаталдаги гьез бихьизабуна лъикIаб хIадурлъиги, махщелги, бищунго кIвар бугеб гIадлуги. ТIанусдерил командаялда ракIчIараб бергьенлъиги босун турниралъул чемпионаллъун рахъана Гьолокь росдал волейболистал. Гьез босана кубокги 70 азарго гъурущ шапакъатги. КIиабилеб бакIги 50 азарго гъурущги щвана тIанусдерие. Лъабабилеб бакIалъеги 30 азарго гъурущ шапакъаталъеги мустахIикълъана РахатIа росдал команда.

Финалияб хIай лъугьана къаси сагIат кIиго тIубалеб заманалда.

Бокьун буго кIудияб баркала кьезе зилдерил жамагIаталъе, гIолилазе, росдал имам ГIабдулае ва гIуцIалилаб комитеталъе. ЛъикIаб хIадурлъигун, гIадлу-низамалда, киналго разияб хIалалда гьеб турнир тIобитIизе бахъараб хIаракаталъухъги гьабураб садакъаялъухъги. ТIаде рачIарал киналго гьалбал нахъе инегIан, гьеб сардил кватIараб гIужалъги, течIо зилдерица гьалбадериеги росуцоязеги квен-тIех гьабулел кIудиял хьагазда гъоркь цIа свине. Камун течIо столазда тIад хинаб пулавги, бухIараб кофе-чайги, сокалги, гьуинлъабиги. Росдал агьлуялъего жив разияб садакъалъун гьабеги гьеб кинабго Аллагьас.

**А. Агъларов.**




Хелекьури гьоркьохъеб школалъ 2019 соналъ ХIажиев Абакар ХIажиявовичасул цIаралда кьураб тIубачIеб гьоркьохъеб лъаялъул аттестат № 00518001671595 билун буго. Гьеб гьанжеялдаса нахъе **хIакъикъияб гуреблъун** рикIкIуна.


ГЬУДУЛЛЪИ
Газета гIуцIарал:
«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация
Учредители:
Администрация МР «Ботлихский район»
Директорасул ишал тIуралев
А. Агъларов
Мухбирзаби:
ГI. МухIамадова
П. Дибирова
П. Камилова
М. МухIамадова
ХI. ХIасанхIажиев
Фотокорреспондентал:
К. Камилов
Ш. МуртазагIалиев
Корректор
П.МухIамадова
Наборщица
П. Эльдарова
Дизайнер
С. Камилова



Индекс: 368970
Адрес:
Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Имам ГъазимухIамадил къватI, 103
Телефон:
Директорасул
8928 680 50 42
Эл. адрес druzhba555@mail.ru



Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.
Адрес: 367018, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 61
Тираж -800 Индекс-51349
Заказ № _____

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.
от 31 мая 2017 года.
ПИ № ТУ 05 - 00381

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.